



NeMutungamiri Thomas S. Monson

Sarudzo

Ndinovimba kuti tinozogara tichiita sarudzo dzakanaka kunyangwe dziri dzakaoma pane kuita sarudzo nyore asi dzisiri kwadzo.

Mabhuratha nemasisita, ndisati ndatanga shoko rangu randakagadzirira remusanganano uno nhasi, ndinoda kuzivisa matemberi mana matsva ayo, mumwedzi nemakore zvirikuuya, achavakwa munzvimbo dzinotevera: Quito, Ecuador; Harare, Zimbabwe; Belem, Brazil; uye temberi yechipiri muLima, Peru.

Apo pandakava nhengo yeChikwata cheVaapositora vane Gumi neVaviri muna 1963, kwakanga kuine matemberi gumi nemaviri aishanda muChechi yose. Nekutsaurwa kweTemberi yeProvo City Center masvondo maviri akapera, kwava iyezvino nematemberi zana nemakumi masha-nu arikushanda pasi rose. Tinotenda zvikuru nemaropafadzo atinogashira mudzimba tsvene idzi.

Zvino, mabhuratha nemasisita, ndinoda kutaura kutenda kwangu nemukana wekugoverana nemi pfungwa shomanani mangwanani ano.

Ndaifunga nguva ichangopfuura iyo pamusoro pesarudzo. Zvakataurwa kuti zviitiko zvidiki zvinokwanisa kuva neshanduro huru panhoroo, uye upenyu hwevanhu hunokwanisawo kushandurwa nezviitiko zvidiki.

Sarudzo dzatinaita dzinotungamirira magumo edu.

Apo patakasiya upenyu hwedu hwenyama husati hwavapo tichipinda muupenyu hunofa, takauya nesu nechipo chekuzvisarudzira. Chinangwa chedu ndechekuwana kubwinya kweseresitiyaro, uye sarudzo dzatinaita, kazhinji, dzinotungamirira kuti tinovika pachinangwa chedu here kana kuti kwete.

Vazhinji venyu munoziva Alice mubhuku renyaya rakanakisisa raLewis Carroll rinonzi *Alice's Adventures in Wonderland (Zviitiko zvaAlice muNyika Inoshamis)*. Munoyeuka kuti akavika pamhararano paive nenzira mbiri pamberi pake, imwe neimwe ichienda mberi asi nekumativi akasiyana. Apo paaifunga kuti woita sei, akavikirwa neKatsi yeCheshire, Alice akaibvunza kuti, “Ndeipi nzira yandinofanira kutevera?”

Katsi yakapindura ichiti, “Izvo zvinoenderana nekwaure kuda kuenda. Kana usingazive kwaure kuda kuenda, hazvina basa kuti nzira yaunotorara ndeipi.”¹

Mukusiyana naAlice, isu tinoziva kwatiri kuda kuenda, uye *zvino* basa kuti tinoenda nenzira yipi, nekuti

nzira yatinotevera muupenyu huno inotungamirira kumagumo edu muupenyu hunotevera.

Ndinovimba kuti tinozosarudza kuvaka matiri pachedu rutendo rukuru-kuru uye rwakasimba runozova dziviro yedu inoshanda zvikuru kupikisa zvinangwa zvemuvengi—rutendo chairwo, rudzi rwerutendo rwunozotitsigira uye rwunozosimbisa chido chedu chekusarudza zvakanaka. Tisina rutendo rwakadaro, hakuna kwatinoenda. Narwo, tinokwanisa kubudirira pazvinangwa zvedu.

Kunyangwe zvakanakosha kuti tisarudze zvakanakosha, pane dzimwe nguva apo tinozoita sarudzo dzeupenzi. Chipo cherutendeuko, chakapihwa neMuponesi wedu, chinotikwanisa kuti tigadzirise upenyu hwedu, kuti tigodzokera kunzira inozotitungamirira kukubwinya ikoko kweseresitiyaro kwatinotsvaga.

Ndinovimba tinozoramba tiine ushingi hwekusatevera pfungwa dzeruzhinji. Ndinovimba kuti tinozogara tichiita sarudzo dzakanaka kunyangwe dziri dzakaoma pane kuita sarudzo nyore asi dzisiri kwadzo.

Apo patinofunga sarudzo dzatinaita muupenyu hwedu zuva rega rega—kuti toita sarudzo iyi kana sarudzo iyo—kana tikasarudza Kristu, tinenge taita sarudzo chaiyo.

Munamato wemwoyo wangu wese uye wakaninipa ndewekuti izvi zvigova saizvozo nguva dzose nemuzita raJesusu Kristu, Ishe neMuponesi wedu, ameni.

KWAKATORWA CHINYORWA

1. Zvakatorwa kubva mubhuku raLewis Carroll, *Alice's Adventures in Wonderland* (1898), 89

Dzidziso dzeNguva Yedu

Kubva munaChivabvu 2016 kusvika munaGumiguru 2016, zvidzidzo zveHupirisita hwaMerkizedeki nezveChita cheRubatsiro zveSvondo yechina zvinogadzirirwa kubva munhaurwa imwechete kana kupfuura dzakapihwa mumusangano mukuru waKubvumbi 2016. Muna Gumiguru 2016, nhaurwa dzingangosarudzwa kubva mumusangano mukuru waKubvumbi kana waGumiguru. Vatumgami vesiteki nevematunhu vanosarudza nhaurwa dzinozoshandiswa mumaruwa avo, kana kuti vangangogovera basa iri kumabhishopi nevatumgami vemapazi.

Nhaurwa idzi dzinowanikwa mundimi dzakawanda kubva ku conference.lds.org.



NeMutungamiri Dieter F. Uchtdorf
Mutevedzeri weChipiri muHutungamiri Hwekutanga

Anozokuisa paMafudzi Ake Uye Okutakura Kuenda Newe Kumba

Sekuwana kunoita Mufudzi Akanaka hwai yakarasika Yake, kana ukango tendeutsira pfungwa dzako nemanzwiwo ako kuMuponesi wenyika, Anozokuwana.

Imwe yendangariro dzangu dzehudiki yainditambudza yaitanga neruzharukuru rwaindimutsa kubva mukurara rwemasairini aivakure achiyambira kurwiswa kwaizoitwa nendege dzemasoja. Kusati kwaperu nguva yakareba, rumwe ruzha, kurira nekutinhiro kwemapuropera endege, kwaikwirira zvishoma nezvishoma kusvikira kwavakuzunza mhengo yacho chaiyo. Nokudzidziswa zvakanaka naamai vedu, isu vana mumwe nemumwe taitora bhengi redu uye tomhanya tichikwiri chikomo kuenda kudziro remabhombu aidonedzwa nendege. Apo pataimhanya nemuusiku hutematemu, zvioneso zvechiedza zvegirini nezvichena zvaidonha kubva mudeanga kuratidza nzvimbo dzainangwa nevaibhomba. Chishamiso ndechekuti, munhu wese aidaidza zvioneso zvechiedza izvi kuti miti yeKisimusi.

Ndaiva nemakore mana, uye ndakava chapupu kuhondo yepasi rose.

Dresden

Chinhambwe chipfupi kubva kwaigara mhuri yangu kwaiva neguta reDresden. Avo vaigara ikoko zvimwe vakaona zvapaketwa chiuru kupinda zvandakanga ndaona ini. Madutu makuru-kuru emoto, aikonzwerwa nezviuru zvevatani ezvinopotika, akapararira nekukurumidza nemuDresden, akaparadza chikamu chinopfuura makumi mapfumbamwe kubva muzana (90 percent) cheguta iroto uye asina zvizhinji zvaaisiya asi zvinhu zvapakwanyika nedota.

Nenguva pfupi pfupi, guta raimbodaidzwa kuti “Bhokisi reUpfumi” rakanga raparadzwa. Erich Kästner, munyori wemabhuku wechiGerman, akanyora nezvekuparadzwa uku achiti, “Muchiuru chemakore runako rwake rwakavakwa, muusiku humwechete rwakaparadzwa zvachose.”¹ Munguva yehuduku hwanngu handina kumbofungidzira kuti

kuparadza kwakakonzwerwa nehondo yakanga yatangwa nevanhu vedu pachedu kungafe kwakakundwa. Nyika yakanga yakatikomberedza yairatidzika kuva isina tariro uye isina kana remangwana.

Gore rakapera ndakava nemukana wekudzokera kuDresden. Makore makumi manomwe mushure mehondo, yave, zvakare, “Bhokisi reUpfumi” reguta. Matongo akabviswa, uye guta rakavakwa zvakare uye kunyange kunatsurudzwa.

Munguva yekushanya kwangu ndakaona chechi yeLutheran yakana inonzi Frauenkirche, Church of Our Lady. Yakavakwa pokutanga munana 1700, yakanga iri imwe yezvivakwa zvakanaka zveDresden, asi hondo yakaideredza kuita murwi wezvinhu zvapakwanyika. Kwemakore mazhinji yakaramba yakadaro, kusvikira pekupedzisira vamwe vanhu vakasarudza kuti Frauekirche yaizo vakwazve.

Matombo akabva pachechi yakaparadzwa akanga achengetedzwa uye akarongwa uye, apo pazvaikwanisika, akashandiswa mukuvakwazve kwayo. Nhasi munokwanisa kuona matombo akasvibiswa nemoto aya anoratidzika semavanga pamadziro ekunze. “Mavanga” aya hasi chete yeuchidzo yezvakaitika kuchivako ichi munguva yehondo asiwo irangaridzo kutariro—chiratidzo chinochamisa chekwaniso yevanhu yekuumba upenyu hutsva kubva mumadota.

Apo pandakafungisisa nhoroondo yeDresden uye ndichishamisika neuchenjeri uye ushingi hweavo vakavaka zvakare izvo zvakananga zvaparadzwa zvachose kudaro, ndakanzwa kurudziro yakanaka yeMweya Mutsvene.

Chokwadi, ndakafunga, kuti kana munhu achikwanisa kuvakazve, kubva mumatongo, zvinhu zvapakwanyika, nemasaridzwa eguta rakaparadzwa, chivako chinoshamisa icho chinokwira chichienda kumatenga, ko Baba vedu Samasimba vanokwanisa zvikuru zvakadii kudzorera vana Vavo avo vakapuzika, vanotambudzika, kana vakarasika (paMweya)?

Hazvina basa kuti upenyu hwedu hungangoratidzika sehvakaparadzwa zvachose zvakadii. Hazvina basa kuti zviyi zvedu zvatsvuka sei, kutsamwa kwedu kwakadzama sei, kuti mwoyo yedu yakasurukirwa, yakasiwa yoga kana kuti yakatyorwa zvakadii. Kunyange avo vasina tariro, vanogara mukurasa mwoyo, vakatyora ruvimbo, vakasiya kutendeka kwavo, kana vakabva panaMwari vanokwanisa kuvakazve. Kunze kweavo vashoma vanakomana vekuraswa, hakuna upenyu hwakaparadzwa zvakananyanya zvekuti haukwanise kudzorera.

Nhau dzinofadza dzevhangeri ndeizdi: nokuda kwechirongwa che-rufaro chekusingaperi chakapihwa naBaba vedu Vekudenga vane rudo uye kuburikidza nekuzvipira kusinga-gume kwaJesu Kristu, hatikwanise chete kununurwa kubva mumamiriro edu ekupunzika uye tichidzorerwa kukuchena, asi tinokwanisawo kufambira mberi kupfuura zvinofungidzirwa nevanhu venyama uye tova vagari venhaka yeupenyu husingaperi nevadyi vekubwinya kwaMwari kusingatsanangurike.

Rungano rweMufananidzo rweHwai Yakarasika

Munguva yeushumiri hweMuponesi, vatungamiri vechitendero panguva iyoyo vakanga vasingabvumirane nekuti Jesu aipedza nguva nevanhu vavakanga vachinongedza se“vatadzi”

Zvimwe kwavari zvairatidzika sekuti Akanga achibvumira kana kunyange kutendera tsika dzakaipa. Zvimve vaitenda kuti nzira yakanakisa yekubatsira vatadzi kuti vatende-uke yakanga iri yekutuka, kuseka, nekuvanyadzisa.

Apo Muponesi paakaona izvo zvaifungwa neVafarise nevanyori, Akataura nyaya:

“Ndiyaniko kwamuri unama-kwai anezana, kana akarashikirwa nerimwe rawo, ungasasiya makumi mapfumbamwe namapfumbamwe murenje, akatevera rarashika kusvikira ariwana?”

“Uye kana ariwana, anoriisa pamafudzi ake, achifara.”²

Kwenguva refu, rungano rwemufananidzo urwu rwakagara rwuchinzwisiswa semurairo kwatiri wekuti tiunze hwai dzakarasika uye tinanavire kuneavo vakarasika. Kunyange zvazvo izvi pachokwadi zvakakodzera uye zvakanaka, ndinofunga ndichihunza kana paine zvimwe zvinopfuura izvozvo.

Zvinokwanisika here kuti chinangwa chaJesu, chakakosha zvikuru-kuru, chakanga chiri chekudzidzisa pamusoro pebasa reMufudzi Akanaka?

Zvinokwanisika here kuti Akanga achipupura nezverudo rwaMwari kuvana Vavo vakarasika?

Zvinokwanisika here kuti shoko reMuponesi rakanga riri rekuti Mwari vanonyatsoziva avo vakarasika—uye kuti Vachavawana, kuti Vachananavira kwavari, uye kuti Vachavanunura?

Kana zviru izvo, chii chinofanira kuitwa nehwei kuti ikodzere rubatsiro rweumwari urwu?

Hwai inofanira here kuziva mashandisiro ekuita sextant inogozha (kambasi unoshandiswa mungarava kana mundege) kuti izive nzira yairi? Inofanira here kukwanisa kushandisa GPS kuti iwane nzvimbo yairi chaiyo panyika? Inofanira here kuva neunyanzvi hweku gadzira software app inozotsvaga rubatsiro? Hwai inofanira here kuva netsigiro dzekupupurirwa nemumwe munhu anemvumo, Mufudzi Akanaka asati auya kuzoinunura?

Kwete, Chokwadi kwete! Hwai yakakodzera rununuro rweumwari nokuti chete inodiwa neMufudzi Akanaka.

Kwandiri, rungano rwemufananidzo rwehwai yakarasika rwumwe

rwendima dzizere netariro muma-gwaro matsvene ose.

Muponesi wedu, Mufudzi Akanaka, anotiziva uye anotida. Anokuziva uye anokuda.

Anoziva apo paunenge warasika, uye Anoziva paunenge uri. Anoziva marwadzo ako. Zvikumbiro zvinyerere zvako (kwaAri) zverubatsiro. Kutya kwako. Kuchema Kwako.

Hazvina basa kuti wakarasika sei—kunyange kungave nokuda kwesarudzo dzako pachako dzakaipa kana nokuda kwemamiriro ezvinhu ausingakwanise kuita chinhu nezvawo.

Zvine basa ndezvekuti uri mwana Wake. Uye Anokuda. Anoda vana Vake.

Nokuti Anokuda, Achakuwana. Achakuisa pamafudzi Ake, achifara. Uye apo paAnokuunza kumba, Anozoti kumunhu wese, “Farai neni; nokuti ndawana gwai rangu rakanga rakarashika.”³

Chii Chatinofanira Kuita?

Asi, mungange muchifunga kuti, chii chinodikanwa kubva kwandiri? Chokwadi ndinofanira kuita zvakananda kudarika kungomirira chete kuti ndinunurwe.

Kunyange Baba vedu vane rudo vachida kuti vana Vavo vose vadzokere kwaVari, Havana munhu waVano-manikidza kuenda kudenga.⁴ Mwari havazotinunura tisingade.

Saka chii chatinofanira kuita?

Kukoka kwaVo kurinyore:

“Tendevukirai . . . kwandiri.”⁵

“Uyai kwandiri.”⁶

“Swedera! pedyo neni uye ini ndichaswedera pedyo nemi.”⁷

Aya ndiwo maratidziro atinoVaita kuti tinoda kununurwa.

Zvinongoda rutendo. Asi musa ore mwoyo. Kana musingakwanise kuva nerutendo parizvino, tangai netariro.

Kana musingakwanise kutaura kuti munoziva kuti Mwari Variko, munokwanisa kuvimba kuti Variko. Munokwanisa kuda kubvuma.⁸ Izvozvo zvakanakwana kutanga (nzira yekununurwa).

Zvino, muchishanda netariro iyoyo, nanavirai kunaBaba Vekudenga.

Mwari vanozosvitsa rudo rwaVo kwamuri, uye basa Ravo rerununuro neshanduro rinozotanga.

Mushure menguva, munozoona ruoko Rwavo muupenyu hwenyu. Munozonzwa rudo Rwavo. Uye chido chekufamba muchiedza Chavo nekutevera nzira Dzavo zvinozokura nenhano yega yega yerutendo yamunotora.

Tinodaidza nhano dzerutendo idzi kuti “kuteerera.”

Iro harisi izwi rinodikanwa zvikuru mazuva ano. Asi kuteerera ipfungwa inokosha muvhangeri raJesu Kristu nokuti tinoziva kuti “kuburikidza neRudzikinuro rwaKristu, vose vanhu vangangoponeswa, nokuteerera kumitemo nezvisungo zveVhangeri.”⁹

Apo patinowedzera murutendo, tinofanirawo kuwedzera mukutendeka. Pashure ndambotapa mazwi emunyori wechiGerman uyo akanyora nekusuwa pamusoro pekuparadzwa kweDresden. Akanyorawo ndima inoti “Es gibt nichts Gutes, ausser: Man tut es.” Kune avo vasingataure ndimi yeserestiyaro, izvi zvinodudzirwa sekuti “Hapana chakanaka kunze kwekunge wachiita.”¹⁰

Iwe neni tingangotaura zvakanyanisonakisisa nezve zvinhu zvemweya. Tingangoshamisa vanhu nemaonero edu anoratidza ruzivo rwedu rwekunzwisisa zvemisoro yenyaya yezvechitendero. Tingangotaura nezwi rakasimba repamusoro-soro nezvechitendero uye “tichifunga zvinechido pamusoro pemibairo [yedu] kudenga.”¹¹ Asi kana rutendo rwedu rwukasashandura mararamiro atinaita—kana zvitendero zvedu zvikasakurudzira sarudzo dzedu dzezuya rega rega—chitendero chedu hachina basa, uye rutendo rwedu, kana rusina kufa, pachokwadi haruna kumira zvakanaka uye rwuri munjodzi yekuzopedzisira rwafa.¹²

Kuteerera kunopa simba kurutendo. Tinowana chiedza mumweya yedu kuburikidza nekuteerera (kwedu pachedu).

Asi dzimwe nguva ndinofunga kuti hatinzwisisa zvinoreva kuteerera.

Tingangofunga kuteerera sekuti ndicho chinova chinangwa, kunze kwekuti inzira yekubudirira pachinangwa chedu. Kana kuti tingangorova nyundo yekuteerera pachipfuro chesimbi chemirairo mukuedza kuumba avo vatinoda, kuburikidza nekuramba tichipisa nekudzokorora kukohomedza, kuti tivapinze, muzvinhu zvitvene zvekudenga.

Zviri pachokwadi kuti pane dzimwe nguva apo patinoda kurairwa zvakasimba kuti titendeuke. Zvechokwadi, kune vamwe vangangokurudzirwa kuti vatendeuke nenzira iyi chete.

Asi zvimwe pane mumwe mufananidzo wakasiyana unokwanisa kutsanangura kuti sei tichiteerera mirairo yaMwari. Zvichida kuteerera hakusi nzira yekukombamisa, kumona, nekudzvura mweya yedu kuiita chimwe chinhu chatisiri. Kunze kwaizvozvo, inzira yatinowana nayo izvo zvatakaumbwa nazvo chaizvo.

Takasikwa naMwari Samasimba. NdiBaba vedu Vekudenga Tiri chaizvo izvo vana Vavo vemweya. Takaumbwa nezviumbiso zveumwari zvinokosha zvikuru uye zvakanakiswa zvikuru-kuru, saka nokudaro tine matiri hunhu hweumwari.

Pano pasi, zvisinei, pfungwa nezviito zvedu zvinova zvinorunzirwa neizvo zvakaora, zvisiri zvitvene, uye zvisina kuchena. Zvisakachena zvenyika (yenyama) zvinokonzera mweya yedu kuti ive yakasviba, zvichikonzera kuti zvive zvakaoma kuti tizive nekuyeuka kodzero yekuzvarwa yedu nechinangwa chedu.

Asi zvose izvi hazvikwanise kushandura zvatiri chaizvo. Hunhu hwehwmwari hwedu hunokosha hunoramba huripo. Uye chinguva chatinongosarudza kutendeutsira pfungwa nemanzwiwo edu kuMuponesi wedu anodikanwa uye toisa tsoka pamusoro penzira yeudzidzi, chimwe chinhu chinoshamisa chinoitika. Rudo rwaMwari rwunozadza mwoyo yedu, chiedza chechokwadi chinozadza

pfungwa dzedu, tinotanga kurasikirwa nechido chekutadza, uye hatizoda kuramba tichifamba murima.¹³

Tinosvika pakuona kuteerera kwete sekurangwa asi senzira inotibvumira kuzadzikisa magumo edu ehumwari. Uye zvisihoma nezvishoma, huwori, zvisakachena, nezvitadziso zvenyika ino zvinotanga kubva. Pekupedzisira, mweya wekusingaperi unokosha zvikuru-kuru, wechisikwa chekudenga uri matiri unoratidzwa, uye tinova manyuko erunako.

Wakakodzera Rununuro

Mabhuratha nemasisita angu anodikanwa, shamwari dzangu dzinodikanwa, ndinopupura kuti Mwari vanotiona sezvatiri chaizvo—uye Vanotiona takakodzera rununuro.

Ungangonzwa kuti upenyu hwako hwakaparara. Ungangova wakaita chivi. Ungangova uchitya, wakashatirwa, uchichema, kana kutambudzwa nekusatenda. Asi sekuwana kunoita Mufudzi Akanaka hwai Yake yakarasika, Kana ukangosimudza mwoyo wako kuMuponesi wenyika, Anokuwana.

Anokununura.

Anokusumudza uye okuisa pama-fudzi Ake.

Anokutakura kuenda kumba.

Kana maoko enyama achikwanisa kushandura zvinhu zvapakwanyika nematongo kuzviita imba yakanaka yekunamatira, naizvozvo tinokwanisa kuva nechokwadi neruvimbo rwekuti Baba vedu Vekudenga vanerudo vanokwanisa uye vanotivakazve. Chirongwa chavo ndechekutivaka kutiita chimwe chinhu chakakura zvikuru kupinda zvataive—chakakura zvikuru kupinda izvo zvatinofo takafungidzira. Nenzira yega yega panzira yeudzidzi, tinokura kuva zvisikwa zvekubwinya kwekusingaperi nerufaro rwusingapere izvo zvatakadzirwa kuti tive.

Uhwu huchapupu hwangu, ropafadzo rangu, nemunamato wangu wakaninipa nemuzita rinoera raTenzi wedu, nemuzita Jesu Kristu, ameni.

KWAKATORWA ZVIMWE ZVINYORWA

1. Ona Erich Kästner, *Als ich ein kleiner Junge war* (1996), 51–52.
2. Ruka 15:4–5.
3. Ruka 15:6.
4. Ona “Know This, That Every Soul Is Free,” *Hymns*, nhamba 240.
5. Joere 2:12.
6. Mateo 11:28.
7. Dzidziso neZvibvumirano 88:63.
8. Ona Aruma 32:27.
9. Misimboti yeChitendero 1:3
10. Erich Kästner, *Es gibt nichts Gutes, ausser: Man tut es* (1950).
11. Ona “Have I Done Any Good?” *Hymns*, nhamba 223.
12. Ona Jakobho 2:26 .
13. Ona Johane 8:12.

© 2016 ne Intellectual Reserve, Inc. Ndiyo chete inekodzero dziripamutemo dzekushandiswa kwechinyorwa chino. Chakadhindwa muUSA. Mvumo yeMuchirungu: 6/15. Mvumo yedudziro 6/15 Dudziro ye *Visiting Teaching Message, May 2016*. Shona. 12865 731